



**ÒDONANS DIJANS NIMEWO 3  
KONTE PALM BEACH COVID-19**

**KONSIDERAN**, nan dat 1ye mas 2020, Gouvènè Ron DeSantis, te pibliye yon Dekrè Egzekitif 20-51 ki mande Depatman Sante Florid (“FDOH”) la pou pibliye yon ljan Sante Piblik; epi

**KONSIDERAN**, nan dat 9 mas 2020, Gouvènè Ron DeSantis, te pibliye yon Dekrè Egzekitif 20-52 ki deklare yon eta dijans pou Eta Florid akòz COVID-19 la; epi

**KONSIDERAN**, nan dat 13 mas 2020, dapre Seksyon 252.38(3)(a)(5), Lwa Florid yo, Konte Palm Beach te deklare yon Eta Dijans lokal akòz pandemi kowonaviris la ki te pwolonje depi lè a nan respè ak lwa ki aplikab yo; epi

**KONSIDERAN**, nan dat 16 mas 2020, Prezidan Donald J. Trump ak Sant pou Kontwòl ak Prevansyon Maladi (“CDC”) te pibliye gid “15 Jou pou Ralanti Pwopagasyon an” ki konseye moun yo adopte mezi distans sosyal konsiderab, tankou evite rasanbleman ki gen plis pase 10 moun epi, nan eta ki gen prèv sou pwopagasyon kominotè, ba, restoran, espas alimantè ak sal espò dwe fèmen; epi

**KONSIDERAN**, nan dat 20 mas 2020, Gouvènè Ron DeSantis, apre konsiltasyon avèk otorite yo nan Konte Broward ak Konte Palm Beach, tou de te mande aplikasyon rekòmandasyon CDC, Dekrè Egzekitif 20-70 ki te pibliye, ki òdone tout restoran, ba, tavèn, ba popilè, bwat de nwi, sal bankè, salon kòktèl, kabare, brasri, kafeterya ak nenpòt

lòt biznis ki sèvi alkòl ak/oswa manje ki gen plas pou plis pase dis (10) moun nan Konte Broward ak Palm Beach pou fèmèn sèvis sou plas yo pou kliyan yo; epi

**KONSIDERAN**, nan dat 20 mas 2020, epitou dapre Dekrè Egzekitif 20-70 la jan sa prevwa ladan, Gouvènè Ron DeSantis te fèmèn tout sal sinema, sal konsè, oditoryòm, teyat, sal boling, sal jwèt (akad), sal espò, estidyo pou kondisyon fizik ak plaj; epi

**KONSIDERAN**, nan dat 22 mas 2020, Konte Palm Beach te pibliye Òdonans Sekirite Piblik No. 1 sou COVID-19 la kote, pami lòt bagay yo, dapre sou-seksyon de (2), Konte Palm Beach te fèmèn tout waf bato yo, ranp, marina ak nenpòt espas ki itilize pou lanse nenpòt batiman rekreyatif; epi

**KONSIDERAN**, nan dat 23 mas 2020, Konte Palm Beach te pibliye Amanman nan Òdonans Dijans No. 1 li an ki klarifye sou-seksyon de (2) Òdonans Dijans No. 1 an aplike pou tout espas sa yo ki itilize pou nenpòt rezon rekreyatif, men ki pa limite ak, bato lapèch, vizit nan bato, aktivite plonje, elatriye epi klarifye ke espas sa yo ka itilize sèlman pou lapèch komèsyal, operasyon maritim komèsyal ak sèvis sipò ki gen rapò; epi

**KONSIDERAN**, nan dat 24 mas 2020, Gouvènè Ron DeSantis te pibliye Dekrè Egzekitif 20-82 ki mande tout moun k ap antre nan Eta Florid ki sòti nan yon zòn ki gen gwo pwopagasyon kominotè epi ki izole oswa nan karantèn pou yon peryòd 14 jou apati dat antre nan Eta Florid oswa dire prezans moun lan nan Eta Florid, nenpòt sa ki pi kout la, pou enfòmè nenpòt moun nan Florid ke li te gen kontak ak li dirèkteman nan dènye 21 jou yo ke li te vwayaje sòti nan yon zòn ki gen gwo pwopagasyon kominotè; epi

**KONSIDERAN**, nan dat 24 mas 2020 Gouvènè Ron DeSantis, te pibliye Dekrè Egzekitif 20-83 ki mande Chirijyen Jeneral Eta a ak Ofisye Sante Eta a pou pibliye yon avi sante piblik pou mande moun ki aje yo ak moun ki gen kondisyon medikal grav kache ki mete yo nan pi gwo risk pou gen maladi grav nan COVID-19 la pou rete lakay yo. Kondisyon sa yo gen ladan, men pa limite ak, maladi kwonik nan poumon oswa opresyon modere rive nan grav; kondisyon kadyak grav; sitiasyon iminodeprime, ki gen ladan sila yo ki nan tretman kansè; ak obezite grav; epi

**KONSIDERAN**, li rekòmande anpil pou tout moun rete lakay yo espesyalman granmoun aje yo ak sila yo ki gen kondisyon sante kache jan sa mansyone nan Dekrè Egzekitif 20-83 a.

**KOUNYE A, SEPANDAN, NOU ÒDONE ISIT LA** dapre Atik II kòd Konte Palm Beach la, Seksyon 9-35, ak tout lòt lwa ki aplikab yo, ke:

1. Konsideran ki anvan yo enkòpore isit la kòm referans.
2. Apati kounye a, tout pak yo dwe fèmen pou piblik la.
3. Apati kounye a, tout teren gòlf yo dwe fèmen pou piblik la.
4. Cherif Konte Palm Beach la ak lòt pèsònèl ki pou fè aplike lalwa yo jwenn otorizasyon ak òdonans pou ranfòse direktiv sa a.
5. Òdonans sa dwe depoze nan biwo Grefye Tribinal Sikwi a epi livre bay medya apwopriye yo pou piblikasyon ak difizyon nan radyo ak televizyon.
6. Òdonans sa a ap rete anvigè jiska ekspirasyon Deklarasyon Dijans Konte Palm Beach lan oswa jiskaske yon lòt òdonans mete fen ladan oswa amande li.
7. Nenpòt dispozisyon nan Òdonans Dijans sa a ki gen konfli avèk nenpòt dispozisyon lwa eta oswa federal oswa dispozisyon konstitisyonèl oswa konfli avèk oswa ki gen yon Dekrè Egzekitif Gouvènè oswa Prezidan Etazini ki aktyèl oswa ki pibliye apre ki ranplase yo, ap konsidere kòm pa aplikab epi konsidere kòm separe de Òdonans Dijans sa a avèk rès Òdonans Dijans lan ki rete entak ak anvigè. Nan mezi aplikasyon kèk oswa tout dispozisyon Òdonans Dijans sa a entèdi sou teritwa souvren yon tribi souvren oswa Endyen ke gouvènman federal la oswa eta a rekonèt, aplikasyon sa a ap eskli nan Òdonans Dijans lan.

**KONTE PALM BEACH**

**Pa:** \_\_\_\_\_  
**Administratè Konte**

\_\_\_\_\_  
**Dat**

**ATESTE  
GREFYE AK KONTWOLÈ**

**Pa:** \_\_\_\_\_  
**Grefye Adjwen**

**APWOUVE SELON  
SIFIZANS JIRIDIK**

**Pa:** \_\_\_\_\_  
**Avoka Konte**